


BYENVINI

ELEV NOU YO

Providence Schools

MANM PESONÈL NOU YO

NOUVÈL



Èlèv yo te patisipe nan Spring Break Academy pandan vakans avril la pou ede yo prepare yo pou tès yo.

# KONEKSYON

14 AVRIL 2023

## ESPAS SIPÈ-ENTANDAN AN

Byenvini nan dènye edisyon bilten chak de semèn Distri Lekòl Piblik Providence (PPSD) la! Si ou memm oswa you moun rate nenpòt nan bilten nou yo, ou ka jwenn edisyon anvan yo sou [sitwèb Distri a nan plizyè lang](#).

SurveyWorks, SurveyWorks, SurveyWorks! Mèsi ak chak nan nou ki te pran tan pou ranpli sondaj la. Nou konte sou fidbak ou pou gide nou pandan n ap travay ansanm pou transfòmè distri a. Nou depase objektif nou yo ak yon pousantaj 39% ak fanni nou yo ki konplete sondaj la. Nou pa t ap kapab fè sa nou fè yo san ou.

Make kalandriye w yo! PSAT ak SAT yo ap fèt 19 Avril. Tès RICAS English Language Arts (ELA) ap fèt 18-20 avril pou elèv nou yo ki nan klas 3yèm, 5yèm ak 8yèm ane. Tès Matematik RICAS ap fèt 15-19 me.

Se te bèl bagay pou n wè anpil nan elèv nou yo pwofite vakans avril la epi patisipe nan Spring Break Academy nou an. Se te yon gwo jefò atravè PPSD pou rekrite elèv yo ak anplwaye yo pou semèn nan ansanm ak ekip k ap òganize otobis ak manje yo. Elèv yo te byen pwofite pandan tout semèn nan epi yo te aprann an menm tan.

Finalman, mèsi ak tout moun ki te vin fè aktivite volontè ak Sodexo pou distribiye plizyè milye manje atravè sis nan lekòl nou yo nan madi. Se te yon plezi pou nou wè tout sa a nou kapab fè pou ede kominote nou an lè nou travay ansanm.



**DOKTÈ. JAVIER MONTAÑEZ**  
SIPÈ-ENTANDAN

## MAKE KALANDRIYE W YO!

**EID AL-FITR**  
(Pa gen lekòl)  
Vandredi 21 Avril 2023

**TÈSRICAS ELA**  
Elemantè: Sesyon 1 Klas 3èm ak 4èm  
Mwayen: Sesyon 1 Tout klas yo

**EKZAMEN SAT / PSAT**  
Lekòl segondè  
Mekredi 19 Avril

**TÈSRICAS ELA**  
Elemantè: Sesyon 1 Klas 5èm  
Sesyon 2 4èm ane  
Mekredi 19 avril

**TÈSRICAS ELA**  
Elemantè: Sesyon 2 Klas 3èm ak 5èm  
Mwayen: Sesyon 2 Tout klas yo  
Madi 20 Avril

AVRIL MENI LEKÒL LA

## MIZAJOU DISTRI

### MANJE, JWE, APRANN


Vil Providence, an kolaborasyon ak PPSD, ap retounen ak pwogram ete popilè **Manje, Jwe, Aprann** pou jèn yo ete sa a. Pwogram yo ofri manje gratis, opòtinite rekreyasyon ak travay nan sezon ete a. Fanni yo ka enskri [isit la](#) kòmmanse 29 avril, epi yo ka patisipe pou nan **Fwa Opòtinite pou Ète a** nan PCTA menm jou sa a soti 10:00 am rive 2:00 pm pou aprann plis sou pwogram Manje, Jwe, Aprann ap ofri yo.

### MIZAJOU SURVEYWORKS

Nou kontan pou n fè komen plis pase 39% nan fanni PPSD nou yo te konplete SurveyWorks pou ane sa a, ki depase objektif nou yo. Mèsi janke w te pran tan pou w bay opinyon w. Nou vrèman apresye sa a. You lòt gwo mèsi pou anplwaye nou yo pou efo yo nan gaye pawòl la sou sondaj la. Nou espere analize rezilta yo pou ede nou pi byen sèvi fanni PPSD nou yo.

### TÈSRICAS, PSAT AK SAT

Yon rapèl pou elèv lekòl primè ak presegondè yo ak fanni se tès RICAS pou ELA a k ap kòmmanse Madi 18 avril epi l ap fini jiska Jedi 20 avril. Yon rapèl pou elèv lekòl segondè nou yo ak fanni se PSAT ak SAT k ap fèt nan Mekredi 19 avril. Tanpri vizite [sitwèb distri a](#) pou plis enfòmasyon sou dat espesyal yo.



## EGALITE AK APATENANS

### Rankont emPOWER pou pwofesè nwa yo

Pa bliye enskri pou rankont **emPOWER mwa sa a** k ap fèt **27 Avril 2023** a 4:30 p.m. nan Everett Company Stage & School ki nan 9 Duncan Avenue nan Providence. Gen pakin lari k ap disponib nan Duncan Avenue, North Main Street ak Jenkins Street. Oratè envite nou an mwa sa a, Dr Carrol Medeiros, pral konsantse sou byennèt pèsònèl, sante piblik ak fason pou pi byen sipòte byennèt elèv nou yo. [Enskri isit la!](#) Nou espere wè w lòt bò! Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte nou nan [equity@ppsd.org](mailto:equity@ppsd.org). Tout pwofesè PPSD yo envite pou patisipe.

### Equity Boost Grants


Equity Grants yo teste nouvo lide ak nouvo inovasyon elèv ak pwofesè yo pou sipòte ansèyman ak aprantisaj ki gen referans, pandan y ap avanse ak konpreyansyon ak apresyasyon kiltirèl, angajman anti-ras ak konpreyansyon angajman sivik ak demokrasi. **Equity Grants** pral finanse pwofesè ki baze nan lekòl ant \$500 ak \$4900. Plis detay sou [apèsi Equity Boost Grant](#) laepi pou w aplike pou yon Equity Boost Grant, klike [isit la!](#) Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte nou nan [equity@ppsd.org](mailto:equity@ppsd.org).

### Doktè Gholdy Muhammad, 31 Me 2023

Patrisipe avèk nou nan dezyèm pati **seminè fòmasyon Doktè Muhammad** la sou edikasyon ki gen rapò ansanb ak kilti ak listwa. Pretye sesyon nou an te gen plis pase 85 patisipan e nou te aprann fason pou angaje tout elèv nou yo ak valè ekspresyon te viv nan edikasyon. Sesyon sa a ap fèt sou Zoom. Pwofesè PPSD yo, tanpri enskri nan Frontline, paran ak manm kominote a, Zanpri itilize **lyen sa a** pou w enskri pou w ka resevwa enfòmasyon Zoom nan. Nou espere w kapab patrisipe avèk nou! Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte nou nan [equity@ppsd.org](mailto:equity@ppsd.org).

## SELEBRASYON ELÈV YO

Èlèv ki travay di, ki gen talan nou yo ap fè bèl bagay chak jou. Men kèk egzanp.



### KAY HOBBIT NAN FWA POU KAY NAN RHODE ISLAND

Èlèv ki nan **pwogram chapant PCTA a**, avèk yon ti èd nan men elèv ki nan pwogram sou di a, te gen opòtinite pou konstwi yon bagay pou **Fwa Kay 2023** nan Sant Konvansyon an. Pwojè a te yon fason pou elèv yo akapile èd tan aprantisaj ki bay sou travay, pandan yo te kapab demontre jan yo ap travay di, devouman, ladrès ak konesans chapant yo aprann nan pwogram CTE a. Selon tèm "Mystical/Magical Gardens", elèv yo bati yon kantòn pyès an bwa, pandan yo kreye yon kay hobbit. Elèv ki nan Pwogram Soudi a te ede fabrike sipò pou pòt ak jwenti pou pòt yo. Pwosis la te pran sis semèn epi elèv yo te gen opòtinite pou yo travay ak lòt lekòl segondè Rhode Island yo, menm jan tou pou rankontre nouvo moun, kreye relasyon epi diskite sou posibilite opòtinite travay nan lavni ak moun k ap vann nan fwa a. Twa etidyan chapant yo te chwazi pou pale nan reyinyon Fwa Kay la devan Konsèy Administrasyon CTE pou pale sou eksperyans yo nan CTE. Yon òganizasyon lokal te menm pwochè bò kote elèv yo pou yo wè si yo te kapab konstwi yon kay pou yon timoun ki gen yon maladi ki menase lavi yo. Felisiteasyon pou tout moun, kontinye bon travay la!




### MONTE POUT BWA SPAZIANO

Yo monte dènye pout bwa nan pwojè konstriksyon pou nouvo bilding **Frank D. Spaziano Elementary School la** nan tèt bilding la. Elèv yo te gen chans siyen dènye pout bwa a, ansanm ak **Gouvènè Dan McKee, Majistra Brett Smiley, Komisyònè Edikasyon Rhode Island Angélica Infante-Green** ak **Sipèntandan Dr. Javier Montañez**. Elèv yo ak anplwaye la depi li fini nan sezon otòn la.



### SEMÈN KONSYANTIZASYON POU EDIKASYON

Premye semèn Avril la te make Semèn Konsyantizasyon pou Edikasyon, e yon konvite envite te vizite **George J. West Elementary School** pou Jounen Lidè Junior Achievement RI a. Se te yon jou ki te resanble edikatè, biznis ak volontè ansanm pou ede selebrè Semèn Sensibilizasyon pou Edikasyon an. Envite yo genyen **Gouvènè Dan McKee, Majistra Brett Smiley, Komisyònè Angélica Infante-Green** ak **Chèf Lapolis Providence la, Kolonèl Oscar Perez**. Mèsi espesyal ak **Junior Achievement RI** pou tèt li te rann sa a posib. Mèsi ak tout moun ki te vizite!



### BANDFEST

Semèn pase a, **Mount Pleasant High School Band** te patrisipe nan konpetisyon festival yo rele BandFest la. Yo te resevwa yon nòt siperyè 37.5 sou 40. Gwoup la te pèfòme tou ak elèv Barrington High School yo, e de gwoup yo ansanm fè yon Band Inifite totalman enklizif, ki gen ladann elèv ki soti nan Pwogram Sèvis Timoun Ekspesyonèl nan tou de lekòl yo. Felisiteasyon ak tout moun ki te ladan !!

## PATI ELÈV YO

Chèche konnen bon jan nan gran elèv nou yo nan Distri a!

<p><b>Neveah Seales</b> Gran elèv nan Central High School MS: Nathanael Greene Middle School ES: Mary E. Fogarty Elementary School</p>	<p><b>Ida Faye</b> Gran elèv nan Central High School MS: Nathanael Greene Middle School ES: Robert F. Kennedy Elementary School</p>	<p><b>Anthony Aldana</b> Gran elèv nan Central High School MS: DelSesto Middle School ES: Frank D. Spaziano Elementary School</p>
--	---	---



**"Patisipe! Se konsa w ap gen plis plezi."**

**Ki plan w genyen pou aprè lekòl segondè w?**  
NS: Ane pwòchèn, mwen planifye pou yo ale nan CCRI paske li gratis, nan yon bò. Mwen vle tou jwenn kredi sa yo pou mwen ka transfere m nan yon lekòl kat ane pandan m ap ekonomize lajan. Mwen pa fin rasire ki lekòl mwen enterese pou CCRI.  
SI: M toujou nan etap deside sou koze invèsite a. Li kapab Bryant oswa Rhode Island College (RIC).  
AA: M toujou ap deside tou. Pou mwen, se ant Bates, Middlebury oswa Boston College.

**Kòmman eksperyans ou te wè nan Central? Poukisa w te chwazi ale Central? Kisa w ap sonje?**  
NS: Mwen pa t kòmmanse Central. Mwen te kòmmanse anvan nan Classical epi aprè m te ale Georgia. Apre, mwen te retounen Rhode Island. Central te lekòl ki te pi pre lakay mwen.

SI: Se te menm bagay pou mwen. Mwen te chwazi Central High School sou nou. Li te yon moun ou te kapab pale semèn pase a pou timoun nan twa lekòl sa yo: Central, PCTA oswa Classical. Mwen te vrèman pwofite l. Nou genyen yon ti klas. Li sèlman 250 mwayen. Poutèt sa a, Nou youn alez ak lòt.

AA: Li tou pre lakay mwen tou. Mwen pa t konnen anpil Anglè e mwen pa t konnen lòt opsyon; kidonk, mwen pa t enskri nan lòt lekòl.

**Ki aktivite w apa aktivite lekòl ou yo?**  
NS: Nou toulèta nan Konsèy Elèv la, mwen panse se paske nou te wè kanpay Ida a. Li enspire m nou ka transfòmè lekòl sa a epi fè li pi amizan.  
SI: Nou nan Konsèy Elèv la. Kidonk, nou ede planifye evènman yo. Kounye a la a, n ap prepare seremoni pwomosyon nou an. N ap planifye semèn espirityèl nou yo. Mwen ak Anthony nan Book Club epi Neveah avèk mwen nan Fashion Club. Mwen te jwe tenis. Mwen te renmen sa a. M ap sonje kominote a, ansanm ak pati foutbòl ameriken yo ak sware NUA yo. Mwen te pwofite Konsèy Elèv yo. Evènman m te pi renmen an se te pentire figi kamarad klas nou yo anvan fanatik yo rasanble. Rasanbleman fanatik nou yo te vrèman amizan.  
AA: Mwen fè pati Chess Club la, NUA ak Konsèy Elèv la.

**Ki manm pèsònèl ki te fè yon gwo enpak sou lavi w?**  
SI: Mesye Lacouture, pwofesè Matematik nou an, te fè yon gwo enpak sou nou. Li te yon moun ou te kapab pale nenpòt bagay avè l san okenn pwoblèm. Li te toujou la pou pale avè n, menm aprè klas. Li amizan e li fè klas li yo amizan.  
NS: Mwen dakò. Li vrèman yon bon pwofesè. Espesyalman paske mwen te nouvo e li te toujou fè m santi lakay mwen.


**Ki mo konsèy ou genyen pou nouvo elèv k ap vini yo?**  
NS, IF, AA: Patisipe! Se konsa w ap gen plis gwoup.  
NS: Li pa difisil pou patisipe. Depi w jwenn moun ou ta renmen ye a.

**Ki sa w pi pre aprè gradyasyon?**  
SI: Pa jwenn sipò ki nesèse. Nan lekòl segondè, ou jwenn sipò tout kote. Nan mond reyèl la, ou dwe defann tèt ou.  
NS: Mwen dakò ak Ida. Men m jis pi. Mwen santi m pa vrèman konn lari a. Mwen bèl pou m pa fini pòv oswa gen dèt.  
AA: Mwen ta di m pa konn sa a k ap vini aprè. Mwen yon ti jan p poutèt mwen se premye timoun nan fanni m ki pral nan invèsite.

## SE BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- [6 lekòl Providence bay elèv manje gratis ABC6, 11 Avril](#)
- [Manje, Jwe, Aprann: Pwogram popilè pou timoun lekòl Providence yo retounen ete sa a WPRI, 4 Avril](#)

## YON TI TOU NAN DISTRI A




### JOJENÈN INVÈSITÈ NAN BROWN

Anpil elèv PPSD te patisipe nan **Jounen Invèsite Brown University a** dènye man. Elèv yo te gen opòtinite pou yo tande **Majistra Smiley, Komisyònè Angélica Infante-Green, Sipèntandan Doktè Javier Montañez** ak elèv ak pwofesè aktyèl **Brown University** yo eksplike invèsite. PPSD elèv yo te gen opòtinite pou yo explore opòtinite diferan sou kanpis yo epi pou yo jwenn yon apèsi sou kòmman lavi invèsite a ye. Mèsi ak tout moun ki te rann sa a posib pou elèv nou yo!




### SPRING BREAK ACADEMY

Yon gwo mèsi ak tout elèv nou yo ak anplwaye ki te patrisipe nan Spring Break Academy PPSD la pandan vakans avril la. Nou te gen anpil elèv ki te patrisipe, pou ede yo pare pou RICAS, PSAT ak SAT semèn pwochèn. Elèv yo te vrèman angaje epi anplwaye yo te fè aprantisaj la amizan epi itil pou elèv yo. Bòn chans pou tout elèv nou yo nan ekzamen semèn pwochèn yo a!



### SEMÈN NASYONAL DIREKTÈ ADJWEN YO

Nou fenk selebre **Semèn Nasyonal Direktè Adjwen yo**, epi isit la nan PPSD, nou vrèman gen chans genyen bon jan Direktè Adjwen sa yo. Yo ede asire jounen lekòl yo mache byen, asire sekirite elèv nou yo ak anplwaye nou yo, kolabore ak fanni yo ak plis bagay ankò. Nou rekonesan anpil ak tout bèl Direktè Adjwen nou genyen isit la nan Distri a epi nou apresye nou chak. Mèsi pou tout sa a nou fè!



### DISTRIBISYON MANJE GRATIS

**Sodexo**, ansanm ak elèv yo ak anplwaye PPSD, bay manje gratis nan divès kote semèn pase a pou timoun ki gen 18 lane oswa pi piti. Distribisyon manje te fèt nan sis nan lekòl nou yo: **Asa Messer Elementary, Gilbert Stuart Middle School, DelSesto Middle School, Feinstein Elementary** nan **Broad Street, Nathanael Greene Middle School** ak **Roger Williams Middle School**. Chak kote te gen anpil volontè ak yon gwo patisipasyon nan distribisyon manje a. Mèsi ak tout moun ki te ofri tèt yo pou ede fè sa a vin yon gwo siksè!